



**RÈG Sant HHS adopte Pou Sèvis Medikè and Mediked
“Lwa Sou Pwoteksyon Pasyan ak Swen Abòdab; Règ pou Entegrite ak Abòdabilite Sou Mache a”
*Dispozisyon ke yo sispann pa enjonksyon nan ka Vil Columbus kont Kennedy**

An Vigè Nan Mwa Dawout 2025

- Jije ke moun ki resevwa DACA yo pa kalifye pou pwoteksyon Marketplace la (byenke yo te deja entèdi moun ki resevwa DACA yo enskri nan pwoteksyon Marketplace la nan 19 eta, tankou Florid, akòz yon lòd tribinal)
- Elimine Peryòd Enskripsyon Espesyal (SEP) ki egziste deja a pou moun ki gen revni pi ba ke 150% FPL la, epi entèdi nenpòt nouvo SEP ki baze sèlman sou revni.
- Elimine pwolonjman otomatik 60 jou a pou peryòd estanda 90 jou, pou rezoud pwoblèm ki koresponn a done ki pa matche yo.
- Egzije pou HHS aplike estanda "prèv majorite" lè y ap evalye si ajan/koutye yo te mal enskri yon moun
- *Pèmèt yon konpayi asirans refize enskripsyon a moun ki gen prim yo poko peye konpayi asirans lan depi ane anvan yo
- *Egzije verifikasyon revni nan men konsomatè ki ateste yon revni ki pi wo pase 100% FPL si sous done fyab yo endike ke revni an anba nivo sa a

An Vigè Pou Plan Ane 2026

- Elimine re-enskrripsyon otomatik pou moun ki gen dwa a Pri Rediksyon Ekonomik (CSR) (Ane 2026 sèlman)
- Entèdi ke yo mete swen sèks-afime kòm yon benefis sante esansyèl
- Fè chanjman teknik ki pral diminye kantite prim kredi taks yo, epi ogmante pataj depans yo (lè yo ogmante maksimòm pou peman dirèk yo)
- *Chaje yon penalite \$5/mwa bay moun ki enskri nan plan ki gen yon prim nèt \$0 epi ki pa re-enskri aktivman (pou ane 2026 sèlman)
- *Enpoze nouvo egzijans pou fè verifikasyon pre-enskrripsyon pou sa yo k'ap anrejistre pandan yon Peryòd Enskripsyon Espesyal (SEP) ki baze sou pèt kouvèti, maryaj, nesans, chanjman rezidans (pou ane 2026 sèlman)
- *Diminye valè estanda risk finansyè yo pou pèmèt konpayi asirans yo ofri yon pwoteksyon ki mwen jenere
- *Konsidere kòm moun ki pa kalifye pou prim kredi taks sa yo ki pa t ranpli taks oswa rekonsilye prim kredi taks yo nan de ane anvan yo (Ane 2026 sèlman)

An Vigè Pou Plan Ane 2027

- Mande yon peryòd enskrripsyon ouvè ki pi kout pou plan ane 2027 la ak apre, soti Premye Novanm pou rive 15 Desanm (olye de 15 Janvyè)



LWA REKONSILYASYON BIDJÈ KE KONGRÈ APWOUVE (H.R. 1)

An Vigè Pou Plan Ane 2026

Sijè	Lwa Anvan an	Chanjman nan Lwa a
Ameliorasyon pou Prim ak Kredi Taks (li pa pwolonje nan H.R. 1)	Moun ki kalifye yo ka resevwa yon kredi taks sou prim (PTC) pou sibvansyone pri ki asosye ak enskripsyon nan plan sante espesifik yo ofri atravè echanj asirans sante. Kòm yon pati nan Lwa Plan Sekou pou Ameriken an nan lane 2020, Kongrè a te ogmante PTC yo pou moun ki gen yon revni 100-150% nan Liy Povrete Federal (FPL) la, epi li te ofri PTC yo pou premye fwa bay moun ki gen yon revni plis pase 400% nan FPL la. An 2022, Kongrè a te pwolonje amelyorasyon PTC sa yo jiska 31 desanm 2025, kòm yon pati nan Lwa sou Rediksyon Enflasyon an.	Malgre yo te pwopoze yon amannman pou pwolonje amelyorasyon PTC yo pandan deba sou H.R. 1 yo, yo pa t adopte amannman an. Se poutèt sa amelyorasyon PTC yo dwe ekspire 31 desanm 2025.
Eliminasyon Prim ak Kredi Taks pou Moun ki gen Ti Revni ki Enskri Pandan Peryòd Enskripsyon Espesyal la (s. 71304)	Anjeneral, moun ka enskri nan plan Marketplace yo sèlman pandan yon peryòd enskripsyon ouvè oswa yon Peryòd Enskripsyon Espesyal (SEP) si yo fè fas ak sikonstans espesifye nan règleman yo. Sikonstans sa yo ka enplike yon chanjman nan revni, konpozisyon fanmi, travay, aksè a benefis sante sibvansyone oswa lòt chanjman. Moun ki gen yon revni anba 150% nan FPL la gen dwa enskri nan yon plan Marketplace pandan tout ane a atravè yon SEP ki baze sou nivo revni. Moun sa yo kalifye pou PTC ak CSR.	Elimine disponiblite PTC yo pou moun ki enskri pandan yon SEP ki baze sou revni moun nan kòm yon pousantaj FPL, non pa an koneksyon avèk yon evènman kalifye oswa yon chanjman nan sikonstans. Aplikab epi an vigè pou plan ane ki kòmanse apre 31 Desanm 2025.
Ranbousman Kredi Taks A Lavans pou Prim (s. 71305)	Moun yo ka resevwa kredi taks a lavans pou prim (APTC) dapre revni anyèl apwoksimatif yo. Yo fè rekonsilyasyon APTC yo pandan deklarasyon taks sou revni anyèl yo, baze sou revni reyèl la. Moun ki enskri yo dwe remèt APTC anplis yo, ak limit pou moun ki gen revni anba 400 pousan FPL la.	Retire limit sou kantite APTC anplis yo dwe remèt, sa ki egzije moun k'ap peye tax nan tout nivo revni yo remèt tout kantite kredi anplis yo te resevwa. Sèl eksepsyon an, se pou moun ki gen yon revni anyèl apwoksimatif ki egal oswa pi wo pase 100 pousan FPL la, ki te resevwa yon APTC, men ki gen yon revni reyèl ki mwens pase 100 pousan FPL la. Moun sa yo pa ta oblije retounen peman anplis yo, sof si yo detèmine ke moun nan te bay enfòmasyon ki pa kòrèk entansyonèlman oswa san yo pa pran an kont reyalite yo. An vigè depi Janvyè 2026 (aplikab pou Plan Ane 2026 yo, ki pral rekonsilye lè y'ap deklare taks sou revni yo an 2027).



LWA REKONSILYASYON BIDJÈ KE KONGRÈ APWOUVE (H.R. 1)

An Vigè Pou Plan Ane 2026

Sijè	Lwa Anvan an	Chanjman nan Lwa a
Elijibilite Moun ki Pa Sitwayen pou Prim ak Kredi Taks (s. 71302)	Imigran "prezan legalman", ki gen revni anyèl anba 100% FPL, ki pa kalifye pou Medicaid akòz sityasyon imigrasyon yo, kalifye pou PTC yo.	Elimine kalifikasyon PTC pou imigran ki anba 100% FPL, ki nan peryòd "5 ane baryè" a - moun ki prezan legalman, men ki pa kalifye pou Mediked pandan 5 premye ane sejou yo. An vigè Jan. 2026
Disponibilite Plan Epay pou Sante (s. 71307)	Plan sou Marketplace yo klase an "nivo metal": Bwonz, Ajan, Lò, ak Platinòm. Si revni konsomatè a anba 250% FPL, konsomatè a kalifye pou rediksyon ak pataj depans (CSR) nan yon plan Ajan. Pòsyon apwoksimatif konsomatè a pou chak kalite plan yo se: Bwonz-40%; Ajan-30%; Ajan ak CSR 6-27%; Lò-20%; Platinòm-10%. Plan Katastwofik yo se yon 5yèm kategori ki disponib pou moun ki poko gen 30 an ak kèk moun ki gen revni limite. Moun ki enskri nan sèten plan Bwonz ki gen pèman dirèk ki wo epi ki pa gen kouvèti pou sèvis prevantif yo ka louvri yon Kont Epay pou Sante (HSA) tou, ki pèmèt yo ekonomize lajan, epi retire ladan san taks pou depans medikal ki kalifye.	Pèmèt nenpòt plan Bronz oswa plan Katastwofic sou Marketplace la, kèlkeswa kantite lajan pèman dirèk la oswa kouvèti pou sèvis prevantif yo ye, pou yo trete yo kòm plan ak pèman dirèk wo ki ka asosye avèk yon kont epay pou sante. Sa gen anpil chans pou ankouraje kwasans plan sante ki gen pèman dirèk ki wo epi ki ka benefisye moun ki ka ekonomize. An vigè Jan. 2026

An Vigè Pou Plan Ane 2027

Elijibilite Imigran pou Prim ak Kredi Taks (s. 71301)	Imigran yo ki "prezan legalman" kalifye pou kouvèti Marketplace ak PTC yo. Sa pa enkli imigran ki pa gen papye yo.	Modifye kategori imigran ki kalifye pou PTC yo pou enkli sèlman: (1) Rezidan Pèmanan Legal ("detantè kat vèt"); (2) Kiben ak Ayisyen k'ap antre nan peyi a; ak (3) moun ki soti nan Zile Marshall yo, Eta Federe Mikwonezi yo, ak Repiblik Palau, k'ap viv Ozetazini a travè yon Akò Asosyasyon Lib (CoFA). Kategori moun yo ki pa sitwayen ki pa kalifye ankò se moun ki gen Eitati Pwoteksyon Tanporè (TPS), refijye, moun ki libere sou kondisyon, moun ki resevwa azil, manm fanmi ki viktim vyolans, sivivan trafik moun ak manm fanmi yo, viza espesyal pou imigran Irak/Afgan, manm tribi, ak anpil lòt ankò. An vigè Jan. 2027
--	--	--

LWA REKONSILYASYON BIDJÈ KE KONGRÈ APWOUVE (H.R. 1)

An Vigè Pou Plan Ane 2028

Sijè	Lwa Anvan an	Chanjman nan Lwa a
Prèy Elijibilite pou Pre-Enskripsyon PTC yo (s. 71303)	Konsomatè yo ka enskri pwovizwaman nan yon plan Asirans Sante sou Mache Asirans la avèk APTC ak CSR, yon mwa apre yo aplike, dapre enfòmasyon yo ateste sou aplikasyon yo a. Si montan revni ki sou aplikasyon an pa koresponn ak revni ki rapòte nan sous done yo ka fè konfyans (pa egzanp, IRS, SSA, Equifax), konsomatè yo gen 90 jou apati desizyon elijibilite a pou voye dokiman ak enfòmasyon ki sou aplikasyon yo a. Si Mache Asirans la pa ka verifye revni anyèl konsomatè a sipoze resevwa apre 90 jou yo, yo ka pèdi yon pati oswa tout èd finansyè yo a. Moun ki retounen anrejistre epi ki pa pran okenn aksyon pandan periòd enskripsyon ouvè a enskri otomatikman sou menm plan an oswa nan yon plan ki menm jan an. Moun ki enskri yo dwe deklare taks sou revni yo epi rekonsilye PTC yo chak dezan. Si yo pa fè sa, yo pap elijib pou PTC yo.	Egzije Mache Asirans Sante a pou mete an plas pwosesis verifikasyon ak kalifikasyon ki pi strik (ki egzije prèy revni, estati imigrasyon, sitiyasyon asirans, zòn rezidans, gwosè fanmi, elatriye) pou tout moun ki aplike pou yon nouvo kouvèti oswa pou renouvle kouvèti yo. Elimine kalifikasyon pwovizwa pou APTC yo pandan aplikan yo ap tann detèminasyon kalifikasyon, sa ki egzije pou konsomatè yo peye prim antye a, san yo pa gen sibvansyon pandan plizyè semèn oswa plizyè mwa, pandan y'ap verifye aplikasyon yo. Elimine re-enskrripsyon otomatik la; tout moun dwe verifye kalifikasyon yo ankò chak ane pou kouvèti a ka kontinye. Sekretè a ka anile egzijans verifikasyon an pou yon moun ki enskri nan yon plan echanj pandan yon SEP akòz yon chanjman nan gwosè fanmi an. Egzije pou moun ki enskri yo rekonsilye PTC yo chak ane, oswa yo pap kalifye pou PTC yo. An vigè Jan. 2028

Sous:

Center for Policy and Budget (Sant pou Lwa ak Bidjè), Chanjman k'ap Vini pou Lwa ACA Mache Asirans (July 2025)

Georgetown Center for Children & Families (Sant pou Timoun ak Fanmiy Jòjtowon) , Mediked, CHIP, ak Eksplikasyon sou Rediksyon Mache Asirans pou Swen Sante Abòdab ak Lòt Pwovizyon Pou Sante nan Lwa Rekonsilyasyon Bidjè (mizajou 11 Dawout, 2025)

KFF, Pwovizyon pou Sante nan Lwa Rekonsilyasyon Bidjè Federal 2025 (mizajou 8 Jiyè, 2025)

National Health Law Program (Pwogram Lwa pou Sante Nasyonal), Dat Enplemantasyon Lwa Rekonsilyasyon Bidjè pou Sèten Dispozisyon sou Mediked & Sante (13 Dawout, 2025)